№3
2024

OZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI
NOKIS FILIALI

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

№ 3/2024

# QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ

**Matimuratov S.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotatciya:** Bul maqalada qaraqalpaq xalqınıń xosh hawaz búlbúli talantlı qosıqshı ustaz Tamara Doshumovanıń ómiri hám dóretiwshiligi, ol atqarǵan qosıqlar, iskerligi haqqında sóz etiledi. Onıń atqarǵan xalıq qosıqlarınan “Ǵulpaq”, “Nalısh”, “Kelte nalısh”, “Teke nalısh”, “Dostıma”, “Seniń bul dúnyada barlıǵıń”, “Yollarim”, “Dem bermes”, “Oylaysańba”, “Kewil kewilden suw isher”, “Jáne jayhun bolıp aqtıńda keldiń” N.Muhammeddinov muzıkası, “Qosıǵıma óziń qanat bolasań”, “Seniń bul dúnyada bar ekeniń”, “Yar etpe”, X.Turdiqulov, “Besik jırı” M.Jiyemuratov, “Jollarım” M.Ashrafiy hám basqada kompozitorlar dóretken usı sıyaqlı qosıqları analiz etilgen.

**Gilt sózler:** muzıka, kompozitor, teatr, drama, ariya, romans, radio, vokal, ansambl.

**Аннотация:** В данной статье рассказывается о жизни Тамары Дошумовой, талантливой ложечной мастерицы каракалпакского народа, ее мастерстве, ее ложках и ее работе. Среди народных песен, которые он исполнял, - «Ғулпак», «Налыш», «Келте налыш», «Теке налыш», «Достыма», «Сениң бул дуньяда барлығын», «Жолларим», «Дем бермес», «Ойлайсанба», «Кеўил кеўилден суў ишер», «Және жайҳун болып ақтыңда келдиң» музыка Н. Мухаммеддинова, «Қосығым өзиң қанат боласаң», «Сениң бул дүньяда бар екениң», «Яр етпе», Х.Турдикулов, «Бесик жыры», М.Джиемуратов, «Жолларым» М.Ашрафий также проанализировал симфонические ложки других композиторов.

**Ключевые слова:** музыка, композитор, театр, драма, ария, романс, радио, вокал, ансамбль.

**Annotation:** This article tells about the life of Tamara Doshumova, a talented spoon maker of the Karakalpak people, her skill, her spoons and her work.

Among the folk songs he performed are “Ǵulpaq”, “Nalısh”, “Kelte nalısh”, “Teke nalısh”, “Dostıma”, “Seniń bul dúnyada barlıǵıń”, “Yollarim”, “Dem bermes”, “Oylaysańba”, “Kewil kewilden suw isher”, “Jáne jayhun bolıp aqtıńda keldiń” music by N. Muhammeddinov, “Qosıǵıma óziń qanat bolasań”, “Seniń bul dúnyada bar ekeniń”, “Yar etpe”, H. Turdikulov, “Besik jırı” M. Dzhiemuratov, “Jollarım” M. Ashrafiy also analyzed the symphonic spoons of other composers.

**Keywords:** music, composer, theater, drama, aria, romance, radio, vocals, ensemble.

Ózbekstan, Qaraqalpaqstan hám Tatarstan xalıq artisti, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureate óziniń búlbilziban xosh hawazı menen xalıqtıń kewlinen orın alǵan qosıqshılardıń biri, el súygen takirarlanbas dawıs iyesi Tamara Ǵaniyevna Doshumova haqqında sóz etiler eken tek ǵana qaraqalpaq xalqı emes al Orta Aziya xalqıda ol atqarǵan qosıqlardı súyip tınlaydı desek asıra aytqan bolmaymız. Tamara Doshumova 1954-jıl 10-mart kúni Nókis qalasında tuwılǵan. Ol kishkeneliginen baslap muzıkaǵa, qosıq aytıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı, ıqlası júdá joqarı edi. Sebebi ol tuwma talant iyesi edi. Sebebi ol belgili aktyor Ǵani Doshumovtıń qızı edi, ákesi dáslepki qaraqalpaq oqımıslılarınan bolıp, Moskva qalasındaǵı Lunacharskiy atındaǵı teatr institutında 1934-39-jıllar aralıǵında oqıp tálim alǵan. Anası Qurbanbaeva Bazar apa da kórkem ónerden qashıq emes edi. ol A.Pushkin atındaǵı orta mektepte oqıp júrgen waqıtları mádeniyat úyiniń haweskerler dógeregine qatnasıp óziniń talantın, tájiriybesin arttırıw maqsetinde óz ústinde mektep waqıtlarınan-aq háreket etken. Usı jerde oǵan M.Qurbanov atlı bayan muzıka saz ásbabınıń qánigesi muzıkant muzıkaǵa qızıǵıwshań jas oqıwshı Tamara Doshumovaǵa “Kók qozım” qosıǵın aytıwdı úyretedi sol



waqıtları ol 10 jasın endigana toltırıp atırgan edi. Bul qosıqtı jas talent iyesi radiodan balalar esittiriwinde atqarıp shıgadı. 1978-83-jıllar aralıgında Tashkent qalasındagı Ostrovskiy atındagı "Teatr hám súwretshilik kórkem óner hám kino aktyorlıq" bólimin tamamlaydı. 1968-jıl Qaraqalpaqstan mámleketlik filarmoniyasına jumısqa qabıllanadı hám ol jerde T.Eshbaev, K.Asqarovlardan vokal qánigeligi sabagınan tálim aladı. Ol jerde rubab sazınıń qánigesi M.Raxmanovtıń "Xon atlas" atamasınagı qosıgın, X.Turdıqulovtan "Seniń hár kúlgeniń báhár kelgendey", "Bir gúlmen yarım", "Qosıgıma óziń qanat bolarsań", "Qustay talpınıp tur kewliń kewlińe", T.Eshbaevtan "Báhár kelse", A.Qayratdinovtan "Aq gúl", "Yar etpe" hám tagıda kóplegen nama-qosıqlardıń sırların úyrnip ózine tájiriybe hám kónlikplerdi arttıradı. 1968-1996-jılları Berdaq atındagı Qaraqalpaqstan mámleketlik filarmoniyasi qasındagı "Ayqulash" ansambliniń jeke atqarıwshısı bolıp islegen. Kúshli, nápesi keń, bálent hám jagımlı dawısqa iye talent iyesi Tamara Doshumova 1978-jılı Tashkent mámleketlik teatr hám súwretlew óneri instiutına drama hám kino aktyorlıq bólimine oqıp júrgen waqıtları, ol kóplegen koncert hám bayram keshelerde óziniń xosh háwaz dawısı menen qatnasadı, bul oqıw dárgayında ustazlarınan tálim-tárbiyalar alıp qosıq aytıw sırların úyrenedi hám kóplegen qalalarda gostrol saparlarında bolıp ol jerlerde óziniń talantı, takrarlanbas dawısı menen bársheni tán qaldıradı. Shet el saparlarınıń birinde yágnıy Tajikstannıń Dushanbe qalasında ol "Muhabbat" atlı qosıgın sheberlik penen atqarıp qaraqalpaq saxralarınan dórelgen shıgarmanı atqarıp derlik bárshe qaraqalpaq qosıqların muzıkanıń shiresi dawsınıń ózgesheligi menen kámine jetkerip atqargan. Sonıń ushında Tamara Doshumovanı qaraqalpaq xalqınıń súyikli xosh hawaz búlbúli dep atagánı biykarga emes dep oylaymız. Onıń atqargan xalıq qosıqlarınan "Ǵulpaq", "Nalısh", "Kelte nalısh", "Teke nalısh", "Dostıma", "Seniń bul dúnyada barlıgıń", "Yollarim", "Dem bermes", "Oylaysańba", "Kewil kewilden suw isher", "Jáne jayhun bolıp aqtıńda keldiń" N.Muhammeddinov muzıkası, "Qosıgıma óziń qanat bolasań", "Seniń bul dúnyada bar ekeniń", "Yar etpe", X.Turdiqulov, "Besik jırı" M.Jiemuratov, "Jollarım"

M.Ashrafiy hám basqada kompozitorlar dóretken usı sıyaqlı qosıqlar qatarında "Súymegenge súykenbe" muzıkalı komediyasındağı Áysánemniń ariyası bolǵan "Yara yandım", "Jaǵaladım Qızketkenniń boyların" hám taǵı basqada milliy qosıqlardı atqarıp xalqımızdıń alǵısına miyassar boldı. Qız apası Ziyada Doshumova menen birgelikte "Kórdińbe" qosıǵın birge atqarǵan. Tamara Doshumovanıń dóretiwshiligin búlbúldey hawazın xalqı qanday súyip tıńlaǵan bolsa mámleketimiz tárepinen de joqarı sıylıqlarǵa iye boldı. Pútkil jaslıǵı koncertlerde, dekadalarda ótti, Daǵistan, tatarstan, Bashqurtstan, Ázerbayjan, Tájikstan hám Moskva qalasında ótkerilgen bir neshe dekadalarǵa óz qosıqları menen qatnasıp tıńlawshılardıń itibarına tústi. Mámleketimiz ǵárezsizligine eriskennen soń ǵárezsizlik, nawrız hám basqada bayram keshelerinde "Teke nalısh", "Túser", "Nalısh" namasına "Yar qara kózleriń ne tiler mennen" atlı xalıq qosıqların atqarıp keldi. Ol 1998-jılı húrmetli dem alısına shıǵaman degenshe Qaraqalpaq mámleketlik filarmoniyasında házirgi ("Ayqulash juldızları" ansambli) solisti bolıp jumıs alıp barǵan. Álbette qosıqshı bir gán ózi usınshama dárejege jetiwde kompozitor, shayırlardıń ornı áhmiyetli, sebebi kompozitor jeti nota arqalı dóregen muzıkasına shayır kewliniń tórinen shıqqan sıyqırlı sózleri menen hám atqarıwshı Tamara Doshumova úshlik bolıp ájayıp bir qosıq payda boladı. Usinday birge islesken kompozitorlardan: Najimaddin Muxammeddinov, Marqabay Jiemuratov, Xudaybergen Turdıqulov, Ańsatbay Ǵayratdinovlar ustazlıq etti. Sonday-aq ajapası Ziyada Doshumova, Sulıwxan Mámbetovalardı da ustazım dep tán aladı.

Qaraqalpaq xalqınıń súyikli talant iyesi ustaz qosıqshı Tamara Doshumova usınday pidayı xızmetleri ushın 1974-jılı Ózbekstanǵa xızmet kórsetken artist, 1980-jılı Ózbekstan xalıq artisti, 1977-jılı Qaraqalpaqstan xalıq artisti, 1981-jılı Tatarstan xalıq artisti hám Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureatı, 2019-jıl mart ayında Ózbekstan Nuraniyları qorı jámiyetiniń xızmetin qollap-quwatlawshı "Nuraniy" qorınıń Qaraqalpaqstan Respublikası Keńesi mámleketimiz, pútkil xalqımız aldında islegen pidayı miynetleri, jas awladqa úlgili talant iyesi jaqsı

paziyletleri ushın “Alǵısnama” menen sıylıqlandı, álbette bunday ataqlarǵa iye xalıqtıń názerine túsiw, tıńlawshılrdıń kewlinen shıǵıw, kompozitor dóretken qosıqlardı atqarıw ushında miynet hám talant bolıw kerek.

Haqıyqıy talant júz jılda bir mártebe tuwıladı degen dana sózler bar, “Altındı tat baspaydı” deydi dana xalqımız. Xosh hawaz búlbúl búgingi kúni 70 jasın qarsılap atırǵan Ózbekstan xalıq artisti Tamara Doshumovaǵa bekkem densawlıq, dóretiwshiliginde tabıslar tilep qalamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**


1. https://qomus.info
2. Nadirova A. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” Sano-standart, Toshkent-2018. B.322
3. GAYIPOVA M., ABATBAEVA R. QORAQALPOQ AKADEMIK QO ‘SHIQCHILIK SAN’ATIDA BAZARBAY NADIROVNING TUTGAN O ‘RNI //Journal of Culture and Art. – 2023. – T. 1. – №. 1. – C. 84-88.
4. Абатбаева Р. А. ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН МУСИҚА МАДАНИЯТИНИ РИВОЖЛАНИШИДА МАШХУР БАСТАТОР Н. МУҲАММЕДДИНОВНИНГ ЎРНИ //Oriental Art and Culture. – 2022. – Т. 3. – №. 1. – С. 648-653.
5. Allambergenovna A. R. Historical Image of" Alpamys" In Karakalpak Music (Example in the Works of Nazhimaddin Muhammeddinov) //Best Journal of Innovation in Science, Research and Development. – 2023. – Т. 2. – №. 6. – С. 138-144.

## MAZMUNÍ

### MUZÍKATANÍW


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Allanbaev R.O.** QOSÍQSHÍLÍQTÍŃ BÚGINGI KÚNDEGI ÁHMIYETI………………………………………………………… | 3 |
| 2 | **Kulchigayeva M.** QORAQALPOQ XALQ QO‘SHIQLARINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI HAQIDA …………….................... | 10 |
| 3 | **Charshemov J., Muratbaeva R.** JAŃA RUXTAǴÍ XALÍQ QOSÍQLARÍ……………………………………………………… | 16 |
| 4 | **Charshemov J.** XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI | 22 |
| 5 | **Abatbaeva R.** QORAQALPOQ MUSIQA SAN'ATIDA SYUITA JANRINING RIVOJI……………………………………………… | 28 |
| 6 | **Rasbergenova X.S.** MUSIQANING INSON SALOMATLIGIDAGI O‘RNI VA AHAMIYATI…………………………………………… | 38 |
| 7 | **Abdisultanov J.** QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDAǴÍ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLER (QARAQALPAQ MUZÍKALÍ DRAMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ)………………………… | 43 |
| 8 | **Charshemov J., Orazalieva G.** BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ............................................................................. | 49 |
| 9 | **Zuxurov M.** VIOLONCHEL SAZ ASBABINIŃ KELIP SHIǴIWI, ORKESTR HÁM KAMER ANSAMBLLERINDE TUTQAN ORNI….. | 54 |
| 10 | **Uzoqov D.S.** UYG‘UR MUSIQALI TEATRINING MARKAZIY OSIYODA PAYDO BO‘LISHI…………………………………… | 59 |


### KÓRKEM ÓNER


| | | |
|---|---|---|
| 11 | **Mamutov P.A.** KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA..……………………………… | 65 |
| 12 | **Abdikarimova I.** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ……………………………… | 71 |
| 13 | **Sobirjonov A.** O‘ZBEK OPERA XONANDALIGIGA VA MILLIY QO‘SHIQCHILIGIGA ERGASH YO‘LDOSHEVNING QO‘SHGAN HISSASI..........................................………………………… | 76 |
| 14 | **Saidxonov A.S.** XX ASR YANGI VENA MAKTABI IJODKORLARI TARIXNING YANGICHA KO‘RINISHI………………………… | 80 |
| 15 | **Dauletbaev T.Q.** QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN'ATINING RIVOJIDA G‘AYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI…. | 90 |
| 16 | **Matimuratov S.** QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ… | 95 |
| 17 | **Ońǵarbaeva L.** CHANG SAZ ÁSBABÍNÍŃ TARIYXÍ HÁM USTAZ ATQARÍWSHÍLARÍ……………………………………..…… | 100 |
| 18 | **Sharipov A.Sh.** XONANDALIKDA IJROCHILIK TAMOYIL VA ME‘ZONLARI……………………………………………… | 106 |

**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Rajabov X.J.** QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA...………. | 110 |
| 20 | **Abatbaeva U.A.** ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI………………………………………………………… | 118 |
| 21 | **Jumaniyazov O‘.** O‘QUVCHILARGA XALQ CHOLG‘ULARINI O‘RGATISHDA SHARQ ALLOMALARI MUSIQIY RISOLALARINING AHAMIYATI………............................... | 125 |
| 22 | **Любимцева В.С.** ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ – ВАЖНОЕ УСЛОВИЕ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО МАСТЕРСТВА ПРЕПОДАВАТЕЛЯ……………………………….... | 131 |
| 23 | **Matjanova M.** OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIK TÁRBIYALAWDA ÁMELIY QOLLANIW METODLARÍ, FORMA HÁM QURALLARI... | 136 |
| 24 | **Jumabaev A.** NOTA OQIW TÁJIRIYBESINDE ATQARIWSHILIQ KÓNLIKPELERIN ÓZLESTIRIW HÁM QÁLIPLESTIRIW……….. | 143 |
| 25 | **Раджабова Н.** АКТИВИЗАЦИЯ ТВОРЧЕСКИХ НАВЫКОВ С ИСПОЛЬЗОВАНИЕМ ИНТОНАЦИОННЫХ ОСОБЕННОСТЕЙ МЕЛОДИИ В МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ СОЛЬФЕДЖИО…. | 149 |
| 26 | **Mutalov D.A**. YOSHLARNING MA’NAVIY SHAKLLANISHIDA MUSIQANING O‘RNI…………………………………………… | 154 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 27 | **Palımbetov K.S.** QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI……………………………………….……… | 160 |
| 28 | **Bekbergenova Z.** 1990-2000-JÍLLARDAǴÍ QARAQALPA AMATURGIYASÍ HAQQÍNDA | 168 |
| 29 | **Marziyayev J.K.** EKOLOGIK MADANIYAT VA UNI SHAKLLANTIRISH: EKOLOGIK MUAMMONI OLDINI OLISHNING BIR USULI SIFATIDA…………………………. | 176 |
| 30 | **Sadenova G.P.** KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ……………. | 181 |